

## SYNDWOM BEBE SOUKE (SBS)

---

Sendwòm Bebe Souke (SBS) se tèm ki itilize pou dekri siy ak sentòm ki soti nan yon timoun y ap souke. Souke yon bebe se yon danje paske tèt yon bebe gwo ak lou pa rapò ak kò bebe a; gen espas ant sèvo a ak kràn tèt pou pèmèt kwasans ak devlopman; epi misk kou ti bebe a poko devlope. Souke avèk vyolans yon bebe oswa yon timoun piti fòse tèt la balanse devan ak dèyè, sa ki lakòz veso sangen nan sèvo a ak je yo dechire epi senyen. Anplis de sa, mouvman sa a lakòz sèvo a deplase ak rebondisman kont kràn tèt la ki ka lakòz domaj nan sèvo a.

### Souke ka lakòz:

- Avèg • Paralezi nan sèvo • Pèt tande
- Paralezi • Reta mantal • Kriz
- Zo kase
- Difikilte pou pale oswa aprann
- Lanmò

### Lejislasyon PA: Lwa No. 2002 –176, PWOGRAM EDIKASYON AK PREVANSYON SENDWOM BEBE SOUKE

- Te siyen an Desanm 2002
- Egzije lopital yo pou:
  - bay paran yo materyèl edikatif sou SBS gratis.
  - prezante paran yo yon deklarasyon "angajman" volontè ki endike yo te resevwa materyèl edikatif yo.
- Chaje Depatman Sante pou devlope yon pwogram pou konsantre sou konsyantizasyon, edikasyon ak prevansyon sendwom bebe souke epi preskri yon fòm pou yon deklarasyon "angajman".

### Reyalite SBS\*

- Ozetazini, pousantaj SBS chak ane se ant 750 ak 3,750 bebe.
- Yon tyè nan viktim SBS yo siviv ak kèk konsekans oswa pa gen okenn konsekans, yon tyè nan viktim yo souffri blesi pèmanan ak yon tyè nan viktim yo mouri.
- Pifò viktim yo gen mwens pase yon ane.
- Pifò viktim SBS yo se gason.
- SBS pi souvan rive lè yon adilt fristre ak fache paske bebe a pa sispann kriye.
- Difikilte fòmasyon twalèt ak pwoblèm manje ka mennen tou nan SBS.

\*Enfòmasyon sa yo te konpile nan: Lwa PA 176 nan 2002, Pwogram Edikasyon sou Sendwòm Bebe Souke Pennsylvania, Asosyasyon Aksidan nan sèvo Amerik, Depatman Sante New York, ak The Arc.

Biwo Pwogram Edikasyon SBS la nan Divizyon Sèvis Sante Timoun ak Adilt nan Biwo Sante Fanmi (717-772-2762).

**Pafwa moun yo souke bebe yo lè yo pa vle sispann kriye.**

**Tanpri... Pa janm souke yon bebe!**

